*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæпптутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№46 (26498)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 19 мартъи – тæргæйтты мæйы 19 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆДАСДЗИНАД — Нымæцон технологитæ æмæ сывæллæттæ
3 ГАЗЕТКÆСДЖЫТÆ ФÆРСЫНЦ — Афтæ цæмæн дзурæм
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — Баскетбол

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Æмбырд

## Наркотиктæй бахизынæн



**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сарæзта республикæйы Наркотикты ныхмæ къамисы æмбырд.**

Фембæлды архайджытæ: Цæгат Кавказы федералон зылды УФ-йы Президенты æххæстбарджын минæвары аппараты Цæгат Ирыстоны сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, нæ регионы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** æмæ барадхъахъхъæнæг ведомствæты минæвæрттæ – æрныхас кодтой регионы фæзуатыл наркотиктимæ баст уавæрыл, стæй наркотикон фæрæзтæ æмæ психотропон буаргъæдтæй пайда кæныны цаутæ æргом кæныны фæдыл бæрнон ведомствæты æмархайды фарстатыл.

Æмбырды архайджытæ уæлдай фылдæр æргом аздæхтой ивгъуыд азы регионы наркотиктимæ баст уавæрмæ цæстдард æххæст кæныны бæрæггæнæнтæм, стæй, Цæгат Ирыстон 2030 азы æмгъуыдмæ нымад УФ-йы Наркотикты ныхмæ арæзт паддзахадон политикæйы стратегийы раззаг къабæзтæ куыд æххæст кæны, уымæ. Нæ республикæйы наркотиктимæ баст уавæр цавæр у, адæмæн наркологон медицинон æххуысæй пайда кæныны фадат ис æви нæй, стæй, наркотиктæй пайдагæнджыты куыд дзæбæх кæнынц, уыдæттыл, бæлвырд доклад кæнгæйæ, æрныхас кодта Наркотикты ныхмæ къамисы аппараты разамонæг **Луизæ Лебедева.**

Наркотиктæй пайдагæнджытæ маргхъæстæ куы фæвæййынц, уæд дзæбæхгæнæндæттæ, барадхъахъхъæнджытæ æмæ эпидемиологийы оргæнтæ æмгуыст куыд фæкæнынц, уый тыххæй радзырдтой «Роспотребнадзор»-ы цæгатирыстойнаг управленийы разамонæджы хæдивæг **Къаболаты Заремæ**, æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан** æмæ Мидхъуыддæгты министрады наркотикты зилдухмæ цæстдарды управленийы хицау **Цопанаты Тотрадз**.

Наркотикты ныхмæ къамисы бардзырдтæ æххæстгонд куыд цæуынц, уый тыххæй доклад скодта УФ-йы Тæрхон æххæсткæнынады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы хицау **Константин Шулаков.**

Ныхас кæуыл цыд, уыцы алы фарстайы фæдыл дæр рахастæуыд бæлвырд уынаффætæ. Æмбырды архайджытæ уæлдай фылдæр æргом аздæхтой наркотиктæй бахизыны, стæй хъуыддагмæ бардарæг структурæты æмгуыстады фарстатæм.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæг æмæ**
**Хицауады пресс-службæ**

Архайд

## Форуммæ цæттæдзинады фарстатæ

**Республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым ныхас бацахста Кавказаг инвестицион форуммæ цæттæдзинад. Дзанайыфырты ныхасмæ гæсгæ, æппæт хъуыддæжы фарстатæ хъуамæ цыбыр æмгъуыдмæ лыгонд æрцæуой.**

Цæгат Ирыстоны экономикон ведомствæйы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Бацæттæ уал кодтой Цæгат Ирыстоны стенды макет æмæ йæ сфидар кæнынмæ арвыстой Уæрæсейы Барис куыд радзырдта, афтæмæй уыйас рæстæг нал баззад, æппæт цæттæгæнæн хъуыддæгтæ хъуамæ конд æрцæуой. «Нæ фæзуаты æнæмæнг хъуамæ уой амалхъомады минæвæрттæ, бацархайæм æппæт цæлхæмбырдты, афтæмæй нæ бон цитæ – алцыдæр хъуамæ уа бæлвырд æмæ бæрæг», – бафæдзæхста Дзанайыфырт. Форумы хъуыддаджы хайы архайдзысты паддзахадон хицаудзинады оргæнты бæрнон кусджытæ, уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг компанитæ, дзыллон хабархæссæг



**Олег Быкадоров** куыд радзырдта, афтæмæй ныридæгæн официалон делегацийы уæнгты номхыгъд у бæрæг, йæ сæргъы – РЦИ-Аланийы разамонæг **Сергей Меняйло**. Куыст ма цæуы, форумы бацархайынвæнд кæмæ ис, уыцы регионалон амалхъомады минæвæрттимæ.

Амалхъомты сразæнгард кæныныл архайынц Хъæууон хæдзарад æмæ Промышленность æмæ инвестициты министрадтæ. Экономикон рæзты министрадмæ. Уым хъуамæ Кавказаг инвестицийон форум саразыны кусæг къорд йемæ сразы уа. Цæгат Ирыстоны разамынд куыд нымайынц, афтæмæй хъуамæ форумы бафыссой разыйы цалдæр бадзырды æндæр регионтæ æмæ федералон центримæ. Рагагъоммæйы нымæц у 9.

Форумы нæ республикæ йæхи равдисдзæн хъуыддаджы, спорты, культурæйы, фæсивæды программæты. Дзанайты бауыдзæн бирæ фарстатæ алыг кæнын. Алы разамонæг дæр йæ уæлдæр, федералон æмвæзады бæрнон чиновниктимæ хъуамæ бакуса», – загъта Хицауады Сæрдар.

Куыд ма фæбæрæг кодта, афтæмæй форумы алы бон дæр Цæгат Ирыстонæн суа ирд æмæ зæрдылдаринаг. «Цæгат Ирыстон у хъæздыг историйы, культурæйы, рагон традициты хицау. Уæдæ спорт, промышленность, инвестифæрæзтæ, фæсивæды æмæ наукон æмæхсæнады æрвыст адæм.

Ацы ран бафысдзысты æмгуыстады бадзырдтæ, паддзахад æмæ хицæн адæймæгты 'хсæн инвестицион проекттæ. Уæлдай æргом аздахдзысты дунеон экономикон æмгуыстад рапарахат кæнынмæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Бæрæгбоны арфæтæ

### Цæгат Ирыстоны пысылмæттæн пысылмон Куадзæны (Ураза-Байрамы) бæрæгбоны фæдыл зæрдиаг арфæ кæнын!

***Алы дингæнæг адæймаг дæр удварнон уагæй фæфидар уæвынмæ, кувынмæ æмæ хæстæджытыл баузæлынмæ куы фæтырны, уыцы карз табуйаг Комдарæн мæй (Рамадан) кæронмæ ахæццæ. Ныры бæрæгбон дингæнджыты удты æвзæрын кæны циндзинады, сабырдзинад æмæ бузны æнкъарæнтæ.***

***Уæ зæрдиаг ракуывдтытæ уын фехъусгæйæ, уадз æмæ уæ Дунесфæлдисæг схорзæхджын кæна фæрныгад æмæ æнæхин æууæнчы тыххæй æнтыстдзинæдтæй. Алы хæдзарæн дæр мæ зæрдæ зæгъы сабырдзинад, амонд, фидыд æмæ фæрныгад! Зынаргъ хæлæрттæ! Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!***

Сергей МЕНЯЙЛО,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг

### Зынаргъ æмбæстæгтæ!

***Республикæйы пысылмæттæн сыгъдæг пысылмон Куадзæны (Ураза-Байрам) фæдыл зæрдиаг арфæ кæнын!***

***Алы дингæнæг дæр хуыздæр суæвынмæ æмæ хорздзинæдтæ скæнын куы фæтырны, ацы бонæй кæронмæ ахæццæ вæййы уыцы табуйаг Комдарæн мæй (Рамадан). Дин нæ нымайгæйæ, æппæт адæм дæр, аргъ кæмæн кæнынц, рагфыдæлты ахæм æгъдæуттыл æнувыддзинад хъахъхъæнгæйæ æмæ иудзинады ахадындзинадыл дзургæйæ, ацы бæрæгбон æвдисы удварны хъару æмæ арфæйаг хъуыдытæ.***

***Æнусты дæргъы нæ адæмы удвæрнон æмæ культурон бынты райрæзтмæ стыр æвæрæн хæсгæйæ, ирыстойнаг пысылмæттæ нæ бирæнацион æмæ бирæдинон республикæйы сабырдзинад æмæ фидыд фидар кæнынæн ахъаз кæнынц.***

***Мæ зынаргъ æмзæххонтæ! Пысылмон Куадзæны бæрæгбон уæ æнæхин хæлардзинадæй фæхайджын кæнæд, хорздзинæдтæм уæ сразæнгард кæнæд, стæй алы хæдзарæн дæр амонд, сабырдзинад æмæ фæрныгад балæвар кæнæд!***

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар

Акци

## Æнустæм иумæ



**2014 азы 18 мартъийы Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир ПУТИН бафыста Хъырым Уæрæсеимæ баиу кæныны фæдыл бадзырд. Уыцы бон нæ бæстæйы историйы сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыд – Хъырым æрыздæхт йæ Фыдыуæзæгмæ.**

Знон Дзæуджыхъæуы, Советон Цæдисы Хъæйтар Къесаты Астаны цыртдзæвæны раз ацыд акци «Æнустæм Уæрæсеимæ иумæ». Бацæттæ йæ кодтой РЦИ-Аланийы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты фæдыл министрад, Дзæуджыхъæуы администрацийы Æхсæнадон совет æмæ нæ республикæйы Хæлардзинады хæдзар. Акци ма арæзт цыдис, Денджызон-дæлдондзæуæджы боны кадæн. Мадзалы архайдтой алы хæстыты ветерантæ, скъоладзаутæ, фæсивæдон организацитæ æмæ национ-культурон æхсæнадты æмæ муниципалон хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ. Æмбырд байгом кодта æмæ акцийы фæдыл радзырдта Хæлардзинады хæдзары директоры хæдивæг **Хъайтыхъты Тамарæ**.

– Абон Къесаты Астаны цыртдзæвæны раз хуымæтæджы нæ æрбамбырд стæм. Хъырым Уæрæсейы скондмæ куы æрбаздæхт, уыцы историон цауæй уæлдай ма нæ бæстæ 19 мартъийы бæрæг кæндзæн Денджызон-дæлдондзæуæджы бон дæр. Къесаты Астан фидар тæгтæй сбаста Хъырым æмæ Ирыстон, Хъырым æмæ Уæрæсе. Йæ хæстон æнæмæлгæ сгуыхтдзинад та рох никуы уыдзæн фæлтæртæй, – загъта Хъайтыхъты Тамарæ. Акцийы раныхас кодта Арæнхъахъхъæнæн службæйы булкъон **Александр Охотников** дæр. Уый загъта:

– Хъырым канд фæзуат нæу, Хъырым у адæмы культурæ, истори æмæ нæ иумæйаг æвзаджы фæз. Нæ бæстæмæ куы æрбаздæхт, уæдæй фæстæмæ бирæ иумæйаг хъуыддæгтыл архайæм нæ Фыдыбæстæйы фæрныгадæн. Хъырымимæ баст у не 'мзæххон хъайтар Къесаты Астаны ном дæр. Æвæццæгæн, мæрдты уый абон цин кæны, йæ туг цы сакъадахы сæрибардзинадыл ныккалдта, уый фæстæмæ йæ бынатыл кæй сæмбæлд, ууыл. Чысыл не сты нæ хъайтартæ, алчидæр дзы йæ цард снывонд кодта Уæрæсейы хæрзамондæн. Нæ хæс у зæрдылдарын сæ хæстон сгуыхтдзинæдтæ æмæ сæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæццæ кæнын, – загъта булкъон.

Мадзалы ма раныхас кодтой Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæджы уынаффæгæнæг **Маматы Хъазыбег**, æфсæддон службæйы ветеран **Александр Ушаков**, Хæстон æфсымæрдзинады организацийы номæй **Мамиаты Сергей**, Салдæтты мадæлты комитеты сæрдар **Моурауты Зæлинæ**. Уый фæстæ акцийы архайджытæ иу минут æдзæмæй алæууынæй ссардтой Къесаты Астаны рухс ном, скъоладзаутæ æмæ фæсивæдон организациты минæвæрттæ та сæвæрдтой хъайтары цыртдзæвæны раз дидинджыты бæстытæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

Æдасдзинад

# Нымæцон технологитæ æмæ сывæллæттæ

**«Нымæцон ликбез», кæнæ «кибербезопасность» у Æппæтуæрæсеон рухстауæн проект нымæцон ахуырадон къабазы. Æххæстгонд цæуы автономон æнæкоммерцион организаци «Нымæцон экономикæ» æмæ Уæрæсейы Федерацийы Нымæцон рæзт, бастдзинад æмæ дзыллон фæрæзты коммуникациты министрады æххуысæй.**




Дзæуджыхъæуы 46-æм астæуккаг скъолайы ацыд гом урок Æппæтуæрæсеон проект «Нымæцон ликбез»-ы фæлгæты. 8- æмæ 9-æм кълæсты ахуырдзаутæн РЦИ-Аланийы Нымæцон рæзты комитеты сæрдары хæдивæг **Калоты Амур** æмæ республикæйы мидхъуыддæгты министрады минæвар **Олег Мальков** радзырдтой, интернеты хызы хи цæстфæлдахты бон афæливын кæй бауыдзæн, уый. Уый тыххæй та уæ хъæуы къæрцхъусдæр уæвын, – загъта Калоты Амур.

«Редан», «Синий кит» æмæ æндæр программæты нæ бæстæйы знæгтæ фыссынц сывæллæттæм, цæмæй скъолатæ æмæ базарадон центртæм рæмудзæн æрмæг бахæссой, сæ ныййарджыты телефонты номыртæ æмæ парольтæ сæ расайынц, цæмæй сын сæ картæтæй се ’хцайы фæрæзтæ сисой.

Ахуырдзаутæ гом урочы базыдтой, интернеты тыгъдады цæстфæлдахджытæ цавæр мадзæлттæй пайда кæнынц, алыхуызон фыдракæндтæ саразынмæ сæ куыд сразæнгард кæнынц, уый фæстæ та сæ куыд фæтæрсын кæнынц банымудзынæй, уый. Алы уавæрæй дæр ис æдасæй рахизæн. Уый тыххæй сывæллæттæн хъæуы дзурын, тæссаг уавæры



джытæй куыд бахъахъхъæнын хъæуы, уый тыххæй. Интерактивон фæйнæгыл сын равдыстой цæстуынгæ æрмæг, царды цавæр уавæртимæ ис сæмбæлæн, æнæзонгæ адæймаг дæм мессенджеры куы ныффысса, уæд хи куыд дарын хъæуы æмæ афтæ дарддæр.

– Уе ’ппæт дæр пайда кæнут чырæг телефонтæй. Уыдон сты чысыл компьютертæ. Сæ фæрцы уын фадат ис интернеты хызы кинотæм кæсынæн, хъазынæн алыхуызон хъæзтытæй, музыкæмæ хъусынæн æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ йæ, æвæццæгæн, нæ зонут, æппæт уыцы программæты архайгæйæ уæ цæстфæлдахджыхистæрты æххуыс куыд бацагурой, мессенджерты æнæзонгæ адæмыл куыд нæ æууæндой, афтæ.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Алагиры районæй

# Аккаг аргъ сын скодтой

**Дæуæй фылдæр зонындзинæдтæ макæмæ уæд, дæ куыст афтæмæй райдытай, фæлæ дын уыйас ницы бантысдзæн, цалынмæ дæ фарсмæ хистæр не ’рлæууа, уæдмæ. Уыцы хистæр-зондамонæг нæ бацауæрддзæн йæ арæхстдзинæдтыл, дæсныйады сусæгдзинæдтыл, алцыдæр бацамондзæн кæстæрæн.**




Афтæ сты барадхъахъхъæнæг оргæнты ветерантæ дæр. Æрæджы Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады Ветеранты советы уæнгтæ æрæмбырд сты, æмæ æрныхас кодтой ивгъуыд азы хатдзæгтыл, фæбæрæг кодтой ацы азы нысантæ. Æцæгдæр, сæ бон куыд уыд, афтæ зæрдæбынæй фæкуыстой, фæлæ пенсийы рацæуыны фæстæ дæр иу ран не ’рбадтысты, кæддæриддæр вæййынц хайады, сæ хъус дарынц сæ кæстæр æмкусджыты архайдмæ.

Ветеранты советы сæрдар, отставкæйы булкъон **Бицъоты Олег** бæстон радзырдта сæ архайды тыххæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, хайады уæнгтæ сæ ветеранты нæ рох кæнынц, уыдон дæр æхсызгонæй бацархайынц алыхуызон хъомыладон, патриотон хъуыддæгты, арæхдæр æмбæлынц рæзгæ фæлтæртимæ. Ныхасы архайдтой районы æхсæнадон змæлдты разамонджытæ, барадхъахъхъæнæг хайады ветерантæ. Раздæр уал æмхуызонæй кад скодтой, сæ хæстæ æххæстгæнгæйæ, йæ цард чи радта, уыдонæн.

Бицъойы-фырт куыд радзырдта, афтæмæй барадхæлдтытæ ма ’руадзын, æнæниз цардыуаг парахат кæнын æмæ граждæнты патриотон хъомылад кæрæдзиимæ баст сты. Рæзгæ фæлтæртимæ аныхас кæнын тыххæй иунæг хъуыддаг дæр нæ баззад, сæйрагдæр у æрыгонæн фыдракæндтæ ма руадзыны тыххæй бæстон радзурын, дæнцæгтæ дæ куыстæй æрхæссын.

Уыдæттæ сты Ветеранты советы уæнгты бæрны, фæлæ совет уæлдай æргом здахы барадхъахъхъæнæг оргæнты раздæры кусджытæм, сæ удæнцойы фарстатæм, сæ дзæбæхкæнынадмæ. Æппæт уыдæттæ рæгъмæ рахастæуыд. Уæдæ сæ хæстæ æххæстгæнгæйæ, цардæй чи фæцух, уыдон дæр рохуаты не сты, æппынæдзух дæр цæст дарынц сæ бинонтæм. Сæ куысты фыццаг къахдзæфтæ чи кæны, уыдон æнкъарынц уæлдай ахаст. Уыдонæй дарддæр аразгæ уыдзæн адæмы фидæн, сæ сабыр цард.

Барадхъахъхъæнæг оргæнты ветерантæ архайдтой «Уæлахизы 80 аз»-ы кадæн конд рæнхъонты зæрæггæнджыты конкурсы, æндæр алыхуызон акциты. Æмхуызонæй баст уыдысты адæмы цардæбонимæ, раст равгимæ, æрмæст сабиты бæрæгбон сæ алкæй зæрдæйы дæр бынат бацахста. Сабитæ нывтæ кодтой асфальтыл, се ’хсæн хуыздæр нывтæ та æвзæрстой ветерантæ. Ветерантæ сæхи адæмæй не ’мбæхсынц, кæддæриддæр цæттæ сты ныхасмæ, дзуапп раттынмæ. Уыдæттæ адæм æмбарынц, кад кæнынц барадхъахъхъæнæг оргæнты раздæры кусджытæн.

Æмбырды архайджытæ фæбæрæг кодтой ацы азмæ нысантæ дæр. Сæ куыстæн сын аккаг аргъ скодтой.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,
Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Æртæ ироны æрмæджытæ – иу уæрæсейаг журналы

**Рагæй дæр Бедойты Зелимимæ хæлæрттæ стæм, кæрæдзи хорз зонæм, æмбарæм. Æз ма Бедойы-фырты кæстæрты тыххæй фыстон, зилынц æм, лæггад ын кæнынц. Уыдонмæ кæсгæйæ, мæ зæрды æрæфтыд цалдæр рæнхъы:**

*«Бедойты Зелимы фæдонтæ-кæстæртæ,*
*Мыддары фæндагыл уæндонæй цæуынц...*
*Куыст-зиуы сæм бафтынц æмбалæн хуыздæртæ,*
*Фыдæлты фæллой-фарн æнустæм хæссынц».*

Мæ ныхас фæстæмæ мыддарыны хъуыддагмæ раздахон, афтæ рауад, æмæ ис Мыддарыны уæрæсейаг журнал, уым мыхуыргонд æрцыдысты æртæ авторы уацхъуыдтæ (2024 азы, 6-æм номыры). Уыимæ, æртæ авторы дæр сты ирæттæ! Уымæй ма æхсызгондæр цы уа!

Ахъуыды кæн, уæд ирон мыддартæн ацы журнал ссис кæрæдзиимæ фембæлыны бынат. Сæ алчидæр рæгъмæ рахаста мыд дарыны сусæгдзинæдтæ, сæ иу уыд **Бедойты Зелимхан**, рагæй кодта уыцы куыст, ныр йæ фæндагыл цæуынц йæ кæстæртæ. Иннæ автор – **Кокайты Заремæ** – Мæскуыйы паддзахадон университеты генетикæйы кафедрæйы хистæр наукон кусæг. Æртыккаг – **Хъуысаты Иринæ**, Уæрæсейаг бюджетон университеты хойраджы индустри, фысымуаты лæггад æмæ амалхъомады кафедрæйы доцент.

Ирыстоны цæргæйæ, нæ хъус æппынæдзух дарæм, стырдæр горæтты цы ирæттæ цæрынц æмæ кусынц, уыдонмæ. Сæ кой дæр нын æхсызгон вæййы. Кокайты Григоры чызг Заремæ, Хъуысаты Уырызмæджы чызг Иринæ дæр сты нæ хуыздæр минæвæрттæ, æгайтыма ахæм хуызы базыдтам ацы ахуыргæндты. Уæдæ Бедойы-фырты хъуыдытæн аргъ дæр нæй, уымæн æмæ мыддарыны сусæгдзинæдтæ зоны бæстон.

Иу уæрæсейаг журнал нæ базонгæ кодта нæхи ахуыргæндты куыстытимæ. Журналæй дæр разы стæм æмæ нæ ирыстойнаг ахуыргонд-чызджытæй дæр. Бантысæд ма сын!

**ÆЛБЕГАТЫ Батрадз,
Дзæуджыхъæуы цæрæг**

Хæсты азæлд

# Йæ ном уыдзæн æнусон

**Нæ республикæйы паддзахадон телерадиокомпани «Алани» куыд фехъусын кодта, афтæмæй 1944 азы фæмардуæвæг танкист Къорнаты Алексейы ном сæнусон кодтой музейон комплекс «Номарæн фæндаг»-ы.**



**Дигорайæ рацæуæг кæстæр лейтенант йæ цард нывондæн æрхаста Украинæйы Винницæйы облæст, фашистон æрдонгтæй сæрибар кæныныл тохы рæстæг. 1941 азы августы æфсадмæ кæмæ фæсидтысты, уыцы лæппу ахста 31-æм танкон корпусы 100-æм бригады Т-34 танчы командиры бынат. Амынд облæсты Зозовы хъæуы чи ис, Советон Цæдисы рæстæг хъæбатыры уыцы ингæн хиуæттæ бабæрæг кодтой, фæлæ ныртæккæ Украинæйы рæбинаг регионы æрбынæттонуæвæг уæлмæрды уавæры тыххæй хабар базоныны фадат нæй.**

**Æнусонкæнынады æппæтуæрæсеон бархион, музыкалон-рухстауæн, ахуырадон, наукон æмæ хызæгон проект «Россия #Юг#Победа#Помним»-ы разамонæг, бæстæйы Æфсæддон-историон æхсæнады уæнг, Уæрæсейаг æрдзонынады академийы профессор Павел Беккерман куыд фехъусын кодта, афтæмæй Къорнаты Алексейы цыбыр биографи бацæттæ кодтой Хъахъхъæнынады министрады центрон архивы æрмæджытæм гæсгæ амынд проекты архивон-агурæн куысты бæрæггæнæнты фæрцы.**

**«15-æм регион»**

Хуссар Ирыстонæй

# Æппæтæй æрыгондæр кусæг

**Тагъд медицинон æххуысы фелсыр БИБЫЛТЫ Заремæ у Ленингоры районы Цъинагары амбулаторийы æппæтæй æрыгондæр кусæг.**



Цыппар азы дæргъы амынд бынатахсæг, Цхинвалы медицинон училищæ кастфæуæвæг чызг йæхи равдыста бæрнон, адæмы домæнтæм цырддзаст специалистæй.

Бахъуаджы рæстæг Заремæ фæкæсинаг адæмæн баххуыс кæнынмæ цæттæ у. Райгуырæн республикæ куыд рæзы æмæ медицинон æххуысы æмвæзад уæлдæрæй-уæлдæр куыд кæны, цъинагайраг чызджы фæнды уыдæттæн æвдисæн уæвын.

Ныртæккæ ацы чызджы хуызæн æрыгон специалисттæ республикæйы хъæууон районты æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы райрæзтмæ ахсджиаг æвæрæн хæссынц. Дæрддзæф хъæуты цæрæг адæм хъæугæ медицинон æххуысæй цæмæй ифтонггонд уой, Заремæйы хуызæн специалистты фæллой æмæ дæсныйадыл æнувыддзинад уымæн ахъаз кæнынц.

**Нæ уацхæссæг**

Экологи

# Талатæ ныссадздзысты



**Цæгат Ирыстоны хъæды фæзуæттæ ногæй саразын æмæ сæ бахъахъхъæныны фæдыл куыст дарддæр цæуы.**

Ацы аз республикæйы территорийыл ныссадзынмæ хъавынц алыхуызон бæлæсты – сырх тулдзы, кæрзы, æнгуз æмæ тæрсы – 65 мин талайы. Ногсагъд талаты фæзуат бацахсдзæн 45 гектары.

Нæ хæс у уæлдæф сыгъдæг кæнынæн æмæ адæймаджы æнæниздзинад фидар кæнынæн ахъазгæнæг æрдзон хъæд фидæны фæлтæртæн бахъахъхъæнын. Талатæ садзыны куыст æххæстгонд цæуы национ проект «Экологон фæрныгад»-мæ гæсгæ.

Æрвылаз ацы куысты архайынмæ рацæуынц канд хъæды хæдзарады специалисттæ нæ, фæлæ бархионтæ æмæ сывæллæттæ дæр. Талатæ садзыны куысты архайæг адæймæгты фæнды Райгуырæн бæстæйæн исты хорздзинад скæнын.

**Нæ уацхæссæг**

Газеткæсджытæ фæрсынц

# Афтæ цæмæн дзурæм

**Ирон æвзаджы ахæм фидар дзырдбæстытæ ис, адæймаджы хъуыды цыбырæй зæгъынæн афтæ ахъаз сты, уымæй фæлгонцджынæй, цæстытыл ауайыны онг, æмæ дæ уайтæккæ сæхиуыл ныддис кæнын кæндзысты. Уыдонæй бирæтæ равзæрдысты царды фæлтæрддзинадæй. Сæ фылдæрæн ма абон дæр рахатæн ис сæ равзæрд, иннæты тыххæй афæлгæсын хъæуы фылдæр азтæ æмæ æнусты сæрты. Зæгъæм, куыд равзæрдысты фидар дзырдбæстытæ: «Къутуйы бын уыдтæ?», «Тибиты рын», «Титыччы фæрдыг», «Мæ бон бакæла» æмæ æндæртæ. Æнцондæр равзарæн дзы кæмæн ис, уыдонæй иу цалдæры тыххæй зæгъдзынæн.**

## «Мæ арт бауазал»



Мæ артыл дон бакалд. Мæ зынг ахуыссыд. Хæдзархæлд фæдæн. Царæфтыд фæдæн æмæ, ма æндæр ахæм фидар дзырдбæстытæ кæд комкоммæ хъуыды æвдисынц, уæд сæ фæсномыг нысан та уымæй у карздæр. Раздæр æнусты артдзæстæй кадджындæр, æвæринагдæр, бæрзонддæр хæс нæ уыд æвæрд сылгоймагыл. Хæдзары артдзæсты зынгмæ æфсин фаг цæстæнгас куы нæ дардтаид, уæд ын-иу ахъуызыд, æмæ йæ уæд цæуын хъуыд зынггур. Кæдæм? Сыхагмæ. Зынггур цæуын æнафоны нæ фæтчыд, æмæ дын ничи ратдзæн. Стæй дын сыхаг куы нæ уа, хохы фахсыл иунæгæй куы цæрай, уæд та. Дæ сæрыхицау, – сывæллæтты фыд тыхкуыстæй фæлладæй, æххормагæй куы ‘рыздæха, дæ саби дын, стонджы мын у куы зæгъа, уæд ын цы акæндзынæ. Хом дзидза, хом хыссæ, хом картоф чи хæры?! Уыцы уавæр адæймаджы удынарæгмæ кæны. Уæдæ æнæхæдзар бинонтæ дæр – афтæ. Æмæ уыцы уаг сылгоймагæй тынгдæр йæ зæрдæмæ арф ничи исы, уыйбæрц нæлгоймагыл нæ уæз кæны æмæ, йæ бинонтæй, йæ хиуæттæй искæуыл исты куы ‘рцæуы, уæд йæ рис бары уыцы уавæрыл. Ацы ныхæстæ дæр уый йеддæмæ уымæн ничи дзуры.

## «Ай Бодзæн кæрц нæу»

Ирон адæмы мыггæгты хæстæгдзинады хабæрттæ иртасæг, зындгонд куырыхон лæг Хъайттаты Хъайтмырзæ куыд дзырдта, афтæмæй, дам, Уæлладжыры комы Цъамады Черчестæм рахъомыл уæйыгарæзт лæппу. Йæ ном та уыд Бодз. Йæ ус курыны кармæ куы бахæццæ, уæд иу зымæгон хъызт рæстæг сфæнд кодта хъуыддаг бакæнын. Раздæр адæм мæгуыр цардысты, уæлдайдæр та – хæхбæсты. Нæ фаг кодтой зæхх, хизæнтæ, фос. Сæ цин æмæ зианы хъуыддæгтæ дæр кодтой кæрæдзийы æххуысæй. Суанг усгуры дзаума дæр истой æфстау: райстбавæрды хорз хæлаф иумæ уыд, хæдон – иннæмæ, къахыдарæс, куырæт, цухъхъа, худ – аннæтæм. Æмæ-иу усгур хæрзарæзтæй агæпп ласта.

Усгуры дзаумайæ сцæттæ Бодз дæр. Æрмæст ма йæ, зымæг кæй уыд, уымæ гæсгæ хъуыд кæрц. Æрзылд хъæуыл, фæлæ дзы йæ аккаг кæрц никæмæ разынд. Йæ цæнгтæ сæ-иу бæргæ атъыста, фæлæ-иу гуырыл нал æрбаххæссыд, цæнгтæ дæр-иу рæмбыныкъæдзтæм æввахсы онг гомæй аззадысты. Æмæ та-иу Бодз дæр афтæ бакодта: «Ай Бодзæн кæрц нæу».

Бодз уый фыдæй зымæджы йæ ус курыны фæнд уалдзæгмæ аивта. Йæ чындзæхсæв куыд рауад, уый ничиуал хъуыды кæны, фæлæ йæ ныхас: «Ай Бодзæн кæрц нæу» баззад æнусты, адæм æй иу фæлтæрæй иннæмæ дæттынц дзыхæй-дзыхмæ.

## Мæгуыр лæг – сойæдзаг

Хæхбæсты цæргæйæ, хистæртæй æнæ кæрцæй ничи фæрæзта. Зымæгон хъызты, уæлдайдæр райсомæй æмæ изæрыгæтты куыстыты, ирон æгъдæутты, Ныхасы зæронд нæ, фæлæ ас лæг дæр æнæ кæрц уазалæн нæ фæрæзта. Æмæ, мæгуырæн цæмæй йæ кæрц фылдæр лæууыдаид, уый тыххæй йæ фæлмæн кодта стуры сойæ. Фынгыл бадгæйæ дæр-иу йæ сойæдзаг къухтæ хуыздæрæн йæ кæрцыл æрсæрфта, æмæ йын-иу хурмæ æрттывта. Ныры дуджы ахæмыл худиккой, йæ сойы тæф кæлы, зæгъгæ. Фæлæ раздæр уый аипп нæ уыд, сой, царв фылдæр кæмæ уыд, сойы тæф кæмæй цыд, уыдон хъæздгуытыл нымад уыдысты. Стæй уыдоны кæрц сойæ сæрдыны сæр ницæмæн хъуыд: ногæй-ногмæ сæ ивтой. Иударон кæрцы хицауыл та сбадт ном «Мæгуыр лæг – сойæдзаг». Æмæ ма ныр дæр ирæттæ кæрæдзи куы афæрсынц, куыд цæрыс, зæгъгæ, уæд арæх фехъусæн вæййы: «Ницы мын у. Мæгуыр лæг – сойæдзаг».

## Хъæддзауы хæрд бакодта



Зыдæй æмæ, бирæ чи бахæры, уымæй фæзæгъынц афтæ. Ныры дуджы æрдзон газ бахæццæ рæбыны хъæутæм дæр. Æмæ уымæй пайда кæнынц хæринаг кæнгæйæ, стæй хъызт зымæг хæдзары уæттæ хъарм кæныны дæр. Раздæр та горæттæ æмæ хъæуты цæрджыты каст уыд хъæдмæ. Уырдæм адæм галтæ æмæ бæхтыл цыдысты сугмæ. Фыдæбойнаг фæндагыл. Сæумæдæвдæгæй дæ галтæ кæнæ бæхтæ сифтындз æмæ – куы æрдæгæфсæстæй, куы – ‘ххормагæй, райсом раджы хойраг алкæй зæрдæ нæ агуры, афтæмæй æдзыд фæндæгтыл – хъæдмæ. Уым дæ бричкæйы дзаг суг ракалын хъæуы фæрæтæй, бахсæдын сæ æмæ самайын. Дæ хидæйдзаг хæдон дæ фæсонтыл нындæгъд, афтæмæй изæрырдæм сугты сæрыл сбадтæ æмæ фæцоб кодтай хъæумæ. Уымæй æрмæст дæхицæн нæ ласыс, фæлæ радгай колхозонтæй алы хæдзарæн дæр. Хъæддзауы куыст уæззау фыдæбон кæй уыд, уый зыдта алчидæр, æмæ йын-иу йе ‘рцыдмæ, кæмæн куыд йæ бон уыд, ахæм хуыздæр хæринаг æрцæттæ кодта. Бирæ бинонтæ-иу сын суг бричкæйæ ракалын дæр нал бауагътой, сæхæдæг-иу февнæлдтой, холлаг-иу æрæвæрдтой хайуантæн дæр.

Хъæддзау-иу йæхи куы ‘рфистæг кодта, йæ хидæйдзаг цæсгомыл-иу дон куы скалдта æмæ-иу фынгыл уыцы æххормагæй куы ‘рбадт, уымæй ма-иу арахъхъ куы анызта, уæд уымæ бакæс – хæрдæй йæ чи æфсæста. Æфсæст та æххормаджы не ‘мбары. Æмæ йыл æгæр тагъд æмæ бирæ хæраджы ном сбадт.

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы чиныг «Фыдæлты мæсыг»-æй**

Регионы разамонæджы фæндон

# Æгъдæуттыл ахуыр кæнынæн



**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрадæн бафæдзæхста ирон æгъдæуттæ æмæ культурæйы уроктæ скъоладзауты ахуырадон программæмæ бахæссын.**

«Æгъдæуттæ хъахъхъæныны куыст нымайын фæсивæды хъомылады ахсджиаг хайыл. Ацы куыст сабидугæй райдайын хъæуы. Æгъдæуттæ æмæ культурæ хъахъхъæныныл сывæллæтты ахуыр кæныны фадат ис æви нæй, ууыл Культурæйы министрадимæ иумæ баныхас кæнут. Ацы хъуыддагмæ æрбахонæн ис Ирон æвзагæн æххуысы центры специалисттæ æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнджыты, сывæллæттæ не ’гъдæуттимæ, культурæ æмæ историимæ куыд базонгæ уой, афтæ. Фæсивæдæн экскурситæ саразæн ис нæ историон бынæтты. Ацы хъуыддагæй рауаид нывыл комплексон программæ», – фыссы нæ регионы разамонæг йæ телеграм-каналы.

Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй, фæллойы урокты кæмæй пайда кæндзысты, ныртæккæ скъолаты æвæрынц ахæм кусæнгæрзтæ. Зæгъæм, сывæллæтты сахуыр кæнæн ис ирон чъиритæ фыцыныл.

**Нæ уацхæссæг**

Хуссар Ирыстонæй

# Артисты хъуыдытæ

**Театры актеры дæсныйад адæймагæй канд курдиат нæ, фæлæ ма, æрвылбон бæстон куыст дæр кæй домы, уый дызæрдыгтаг нæу.**

Артист сценæйыл кæй сфæлдисы, уыцы роль цæмæй фæрæстмæ уа, уый тыххæй актеры хæс у иудадзыг профессион зонындзинæдтæ фылдæр кæнын, театралон аивады алыхуызон мадзæлттæй арæхстджынæй пайда кæнын.

Хуссар Ирыстоны драмон театры дæсныдæр актертæй иу у Дзæгъиаты Ланæ. Нæ уацхæссæг артисткæмæ театралон архайды тыххæй ратта цалдæр фарсты.

**– Ланæ, актрисæ суæвын дæ кæй фæнды, уый кæд бамбæрстай?**

– Скъолайы райдайæн кълæсты куы ахуыр кодтон, уыцы заман театралон къорды архайдтон. Мæ ныййарджытимæ арæх цыдтæн театрмæ спектакльтæм кæсынмæ. Спектаклы фæуды фæстæ артисттæ сæ сæртæй театрзаутæн куыд куывтой, уымæ кæсын мын уыд уæлдай æхсызгондæр. Раздæр мын-иу къухæмдзæгъд кæнын æхсызгон уыд, фæстæдæр та мæ бафæндыд артистты æмрæнхъ æрлæууын. Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты актерон факультет кæй байгом, уый куы базыдтон, уæд æм ахуыр кæнынмæ бацыдтæн.

**– Актеры дæсныйады тыххæй дæм чи сæвзæрд, ахуырад уыцы хъуыдытæ фæивта æви нæ? Æппæтæй тынгдæр цæуыл бадис кодтай?**

– Актеры дæсныйад вазыгджын кæй у, ууыл нæ бадис кодтон, фæлæ, мæ ахуырад æнæкъуылымпыйæ кæй цæуы, уый мæ дисы бафтыдта. Ацы дæсныйад адæймаджы цардыл кæй фæбæрæг вæййы, уый рахатыдтæн. Дæсныдзинады къæпхæн бæрзонддæр кæнынæн ахъазгæнæг репетицитæм æнæзивæгæй цыдтæн. Куыст æнæкъуылымпыйæ куы цæуа, уæд адæймаг сæвзæрæг зындзинæдтæ дæр аиуварс кæны.

**– Ахуырады фæтк арæзт куыд уыд?**

– Райсомæй-иу хъуыстам уæлдæр скъолайы ахуыргæнджыты лекцитæм, фæссихор та куыстам театры. Ам нын амыдтой профилон дисциплинæтæ: фæзылдтытæ, хъæлæсы уаг, зарæг, кафт. Изæры фараст сахаты онг-иу сценæйыл уыдыстæм. Хæдзармæ лæвæрд хæслæвæрдтæ æххæст кæнынæн-иу рæстæг агурын бахъуыд. Бирæ куыст æххæст кæнын-иу кæд бахъуыд, уæд дæр не ’хсæн фæстæзад студенттæ нæ уыд. Театры-иу канд радхæсджытæ куы баззадысты, æрмæст-иу уæд ацыдыстæм хæдзармæ. Сабыр уынгты цæугæйæ дæр-иу репетицитыл хъуыды кодтон.



**– Актер цæмæй суай, уый тыххæй дыл ахуыргæнджытæй æппæтæй фылдæр чи сахадыдта?**

– Ахуыргæнджытæ алыхуызæттæ уыдысты, фæлæ сæ алчидæр йæ куыст иттæг дæсны æххæст кодта. Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмон театры актертæ нын сæ зонындзинæдтæй рæдауæй хай кодтой канд уый нæ, фæлæ, нæ артисты дæснйадæн аргъ цæмæй кæнæм, уымæн дæр ахъаз кодтой. Ацы адæм сценæйыл æнувыд кæй уыдысты, уый фæрцы æнæкъуыхцыйæ кусыныл сахуыр стæм, нæ рольтæ дæсны ахъазæм.

**– Ахуырадон сценæ æцæг театрæй цæмæй хицæн кæны?**

– Ахуыры заман нæхи цæттæ кодтам фæлварæнтæм, педагогтæ æмæ æмкурсонты раз рольты хъазыдыстæм. Студенттæ уæвгæйæ, фылдæр тарстыстæм театрдзауты залæй нæ, фæлæ нын цавæр бæрæггæнæн сæвæрдзысты, уымæй. Профессион театры ахадындзинад та æндæр у. Театрдзау кæй хъазтмæ кæсы, уыцы артист бæрнондзинад æнкъары. Ахуырадон сценæ æмæ æцæг театр техникон уагæй кæрæдзийæ хицæн кæнынц хæрзчысыл, уымæн æмæ студент дæр æмæ æцæг актер дæр уыцы иу текст сахуыр кæнынц, сурæтыл бакусынц, фæлæ студент æмæ профессион артисты мидуавæр æмхуызон нæу. Студентимæ абаргæйæ, æцæг артистмæ фылдæр бæрнондзинад хауы.

**– Сценæмæ рацæуыны размæ фæсагъæс кæныс?**

– Цард æнæмæтæй нæ цæуы. Адæмæн æхцондзинад чи ‘рхæссы, æрæджы ахæм комедийы роль хъазыдтæн. Фæскулисты уæвыны заман мæ къухтæ бандзыг сты. Æндзыгадæй куыд фервæзон, уый нæ зыдтон. Комедийы роль хъазыны рæстæг артист йæхи афтæ хъуамæ ма æнкъара. Æвдыст æй куы фестæм, уæд йæ фæуды фæсмон кæнын райдыдтон. Нoджыдæр ма йæ кæй æвдисдзысты, уый зонгæйæ дæр, артисты равг нывыл нæ вæййы, уымæн æмæ театрдзаутимæ алы фембæлдæн дæр æмбал нæй.

**– Куыдфæстæмæ сагъæс фесæфдзæн æви баззайдзæн?**

– Артист кæй фæсагъæс кæны, уым диссагæй ницы ис, зæгъгæ, нæ театры фæлтæрдджын актертæ иууылдæр афтæ зæгъынц. Сценæмæ рацæуæг адæймаг кæй фæмæт кæны, уый диссаг нæу. Адæймаг йæхи театрдзауы бæрны кæй бакæны, артисты сагъæс ууыл дзурæг у. Мæнмæ гæсгæ, театры кусгæйæ, сагъæсæй никуы фæцух уыдзынæн, уымæн æмæ сагъæс актеры дæсныйады æнæуаргæ хайыл нымад у.

**– Актерæн йе ’ддаг уынд æви хиуыл куыст ахсджиагдæр у?**

– Артист, фыццаджыдæр, хъуамæ зона хъæугæ æнкъарæнтæ æвдисын. Алчи йæхирдыгонау рæсугъд у. Райдианы зæрдæмæдзæугæ уагæй рольтæ чи нæ хъазы, уыцы актертæ куыдфæстæмæ сæ сценикон курдиат куы раргом кæнынц, уæд сæ æз райгонд вæййын. Роль хъазæг артистмæ къæпхæнгай дæсныдзинад фæзыны. Сценæйыл роль хъазæг адæймаг йæхиуыл хъуамæ куса, йæ дæсныдзинады къæпхæн уæлдæр куыд кæна, афтæ.

**ТЕДЕТЫ Аннæ**

Спортивон фидиуæг



Баскетбол

# Сбæрæг кодтой Кубок рамбулджыты

**Дзæуджыхъæуы Хæххон-аграрон паддзахадон университеты спортивон комплексы баскетболæй уыдисты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Кубок рамбулыныл турниры ерыстæ скъоладзау спортсменты 'хсæн. Архайдтой дзы нæ республикæйы дыууадæс скъолайы чызджытæ æмæ лæппуты командæтæ.**



Чызджыты ерысты ærдæгкæронбæттæнмæ рацыдысты: Ærыдоны 1-æм скъола, Алагиры, Дзæуджыхъæуы 30-æм æмæ 24-æм скъолаты командæтæ.

Ærдæгкæронбæттæны хъæзтытæ рауадысты цымыдисаг. Ærыдоны 1-æм скъолайы командæ фæуæлахиз Дзæуджыхъæуы 30-æм скъолайыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Дзæуджыхъæуы 24-æм скъолайы командæимæ, уыдон 1/2 хайы рамбылдтой Алагиры скъолайы командæ. Кæронбæттæны дæр Ærыдоны чызджытæ равдыстой хуыздæр цæттæдзинад æмæ фæуæлахиз сты. Афтæмæй Ærыдоны 1-æм скъола рацыд 1-аг бынатмæ, 2-аг бынат бацахста Дзæуджыхъæуы 24-æм скъола, 3-аг призон бынатмæ та рацыд 30 скъолайы командæ.

Цымыдисаг рауадысты лæппуты командæты ерыстæ дæр. Ærдæгкæронбæттæнмæ рацыдысты: Комбилеевкæйы, Ærыдоны 1-æм скъола, Бесланы 1-æм скъола æмæ Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы командæтæ.

Комбилеевкæ æмæ Ærыдоны командæты фембæлды фæуæлахиз Камбилеевкæйы командæ 24:13 хыгъдæй. Беслæн æмæ Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолаты фембæлды зынгæ хуыздæр цæттæдзинад равдыстой беслæйнæгтæ æмæ фæуæлахиз сты 47:19 хыгъдæй.

Кæронбæттæны Бесланы командæ 31:20 хыгъдæй фæуæлахиз Камбилеевкæйы скъолайы командæйыл æмæ ссис турниры Кубок рамбулæг. Камбилеевкæйы скъолайы фæстæ 3-аг бынатмæ рацыди Ærыдоны 1-æм скъолайы командæ.

Ерыстæ цæмæй æнæкъуылымпыйæ ацæуой, ууыл зæрдиагæй бакуыстой РЦИ-Аланийы Баскетболы федерацийы президент **Хекъилаты Зауыр** æмæ йе 'ххуысгæнджытæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Ахуырады историйæ

# Хъæууон ахуыргæнджытæ

**Ивгъуыд æнусы 60-70 азты Уæрæсейы ахуырад хъомысджындæр кæнынæн бирæ алыхуызон мадзæлттæ арæзт цыд. Федералон æмвæзадыл уыцы рæстæг бæрæг кодтой хуыздæр хъæууон скъолатæ. Фæлтæрддзинад райсынмæ сæм цыдысты Уæрæсейы алы кæрæттæй. Ахæм скъола уыд Ирыстоны дæр, Ærыдоны районы Фыййаджыбылы хъæуы.**



Фыццаг рæнхъы галиуырдыгæй рахизырдæм æртыккаг – ÆЛХЪАЦАТЫ Владимир

Ærхсай азы размæ Уæрæсейы хъæууон скъолаты 'хсæн Фыййаджыбылы скъола нымад æрцыд хуыздæрыл. Йæ куыстимæ базонгæ уæвынмæ, йæ архайд ын бынаты фенынмæ æмæ ахуыргæнæндоны фæлтæрддзинадæй сæ дарддæры куысты пайда кæнынмæ Уæрæсейы Федерацийы крайтæ, республикæтæ æмæ облæсттæй ссыдысты хъæууон скъолаты ахуыргæнджытæ. Скъолайы директорæй уыцы рæстæг куыста Ælхъацаты Владимир.

– Махæн диссаджы ахуыргæнджытæ уыд: уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ – Ælхъацаты Ильяйы фырт Владимир, стæй Чысиаты Риммæ Барисы чызг; Гæджынаты Зауырбег – математикæйы ахуыргæнæг, Гуымецъаты Бадзирæт физикæ амыдта, Бадзирæт Беслæнмæ куы смой кодта, уæд йæ бынатмæ æрцыд физикæ æрмæг бакæсут, зæгъгæ-иу сæ фæнысан кодта. Скъоладзауты ахуырмæ разæнгард кодта, – зæгъы, 1966 азы Фыййаджыбылы астæуккаг скъола кастфæуæг **Гутнаты Хъазыбег**.

**Гайттаты Албег** уыцы рæстæг фæндзæм къласы ахуыр кодта. Хорз хъуыды кæны, ахуыргæнджыты къорд сæм-иу уроктæм куыд æрбацыд, уый.

– Нæ сæ уырныдта, афтæ хорз арæхсæм, дис ныл æмæ математикæйы факультеты фæстаг курсы студент Арзуманян. Диссаджы хорз ахуыргæнæг уыд, физикæйæ цы базыдтон, уый мæ ахуыргæнæджы руаджы. Дунейы журналтæ-иу æрбахаста йемæ, мæнæ ацы кодтой. Хъæуккаг сывæллæттæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ, математикæ æмæ физикæйæ, хими æмæ биологийæ иттæг хорз зонындзинæдтæ æвдыстой. Дулаты Феня нын уыд хими æмæ ботаникæйы ахуыргæнæг. Уазджыты нæ уырныдта æмæ дзырдтой, сымах сын рагацау фарстытæ раттут, æмæ уымæн афтæ цырд дæттынц дзуапп урочы, зæгъгæ. Уæд райдыдтой афтæ кæнын: æрбацыдысты, сбадтысты, æмæ-иу къорды уæнгтæй исчи загъта, æз кæнын урок, зæгъгæ. Къух-иу чи сдардта, уыдоны нæ фарстой, дзуапп лæвæрттой, сæхæдæгиу кæй равзæрстой, уыдон. Ærтæ фондзы райстон уыцы бон. Иу-фæндзай адæймаджы уыдысты. Хъæубæстæма сын куывд дæр скодтой, – мысинæгтæ йын æхцон кæй сты, сæрыстыр сæ кæй у, уый йæ цæсгомыл зынд Албегæн.

Абон дæр хорзæн æрхъуыды кæнынц уыцы рæстæджы ахуырдзаутæ. Фæстæдæр Ælхъацаты Владимиры раивтой партион куыстмæ, Чысиаты Риммæ фæкуыста 26-æм скъолайы уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæгæй, Гуымецъаты Бадзирæт ныууагъта ахуыргæнæджы куыст æмæ бацыд Медицинон институтмæ. Хорз дохтырæй йæ бахъуыды кодтой рынчынтæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Гæджынаты Зауырбег йæ зæры бонмæ фæкуыста ацы скъолайы математикæ æмæ геометрийы ахуыргæнæгæй. Ærпæт уыдæттæ базыдтам скъолайы уæды ахуырдзаутæй – Фыййаджыбылы абоны хистæртæй.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Бынаты бардуаг

Мæ дадайы æфсымæр Придоны æз хъуыды кæнын зæрондæй. Куы фæзиан, уæд 8-æм къласмæ цыдтæн. Куыд дзурынц, афтæмæй сæдæ азмæ 'ввахс фæцард. Кæд нæ хъæуæй 15 километры дарддæр царди, уæд дæр-иу нæм, ацæргæ уæвгæйæ, фистæгæй æруади.

Уыд бæрзонд, бæзæрхыг, дынджыр рихиджын лæг. Придоныл бирæ таурæгътæ дзырдтой, уыд революцийы архайæг, къухджын, æмбæрзта хæдзары сæртæ. Уыд тынг кусаг, æмæ куыннæ – 13 чызджы æмæ иу лæппуйы фыд уыд. Дунеон хæсты уыд сгарæг, æрыздæхт майоры цины.

Придон æрмæст нæхи районы хъæуты нæ куыста, суанг Урстуалтæй Тырсыгоммæ æххæсыд æмæ-иу къуыригæйттæ, мæйгæйттæ фæкуыста. Куы-иу цыди, уæд-иу къæсæрыл æрлæууыд æмæ скуывта: «О, бынаты бардуаг, дæ быны лæууын, æмæ мæ фæстæмæ дзæбæхæй куыд сæмбæлын кæнай, уыцы амонд мын ратт. Мæ бинонты дыл фæдзæхсын æмæ сæ фæстæмæ дæр дзæбæхæй куыд æрæййафон, ахæм амонд мын ратт!».

Стæй-иу йæ кусæнгæрзтæ бæхыл сæвæрдта æмæ-иу афардæг. Иу ахæм рæстæг ыл, фæстæмæ сæхимæ цæугæйæ, хъæды, къæдзæхмæ 'ввахс, æрталынг ис. Ærхсæвыгон хъæды бæхыл зын цæуæн у. Придон тæрсын нæ зыдта, кæм-иу ыл баталынг, уым-иу ыл сбон кодта.

Ацы хатт дæр та иу стыр тæрс бæлас равзæрста къæдзæхмæ 'ввахс. Йæ бынмæ бацыди, бæхæй æрхызт, хъама систа æмæ дзы стыр тымбыл æрхахх кодта, бæх дæр дзы куыд бацыдаид, афтæ. Слæууыд зиллаччы астæу æмæ скуывта: «О, бынаты бардуаг, ахсæв де уазæг дæн æмæ дыл мæхи фæдзæхсын, дзæбæхæй мыл куыд сбон уа, æмæ райсом мæ хæдзармæ дзæбæхæй куыд ацæуон, уыцы амонд мын ратт!»

Айтыгъта нымæт æмæ йыл æрхуыссыд. Цас фынæй кодта, чи йæ зоны, фæлæ уынæрмæ фехъал. Къæдзæхы бынæй йæм цины хъæлæба цæуы æмæ йæм хъæр хъуысы: «Чындзæхсæвмæ дæ хонæм, æмæ куыд рацæуай»... Чидæр дзы кæй лæууы, уый зоны, фæлæ йæ уынгæ нæ кæны. «Нæ уæм рацæудзынæн, уазæг мæм ис æмæ мыл йæхи бафæдзæхста, æмæ йæ иунæгæй нæ ныууадздзынæн», – дзуры сæм Придон. Чысыл рæстæг рацыд, æмæ та хонæг хъæр кæны: «Ænæ рацæугæ дын нæй, дæ уазæджы демæ ракæн æмæ рацу».

Йæ фарсмæлæууæг æм дзуры: «Адон дæ нæ ныууадздзысты, æнæ цæугæ дын нæй, бæх ам уадз, бæхæн ма тæрс, цом мемæ, фæлæ мæм хъус, мæ цуры сбадынæй ма тæрс. Хатдзысты дæм хæрдæй, нозтæй, фæлæ-иу мацæмæ бавнал, нæдæр хæргæ, нæдæр нуазгæ, дзургæ дæр ма скæн, науæд дæ сæхи хуызæн акæндзысты, ай æнæзæгъинæгты чындзæхсæв у».

Ацыд йемæ, цы гæнæн ын уыд. Кæсы æмæ фынгтæ – йе 'дзаг алыхуызон хæрд æмæ нозтæй, æнæзæгъинæгтæ ратæх-батæх кæнынц, кафынц, зарынц. Чындзæн та сын уыд сæ хъæуы фидауц, рæсугъддæр цы чызг чи уыд, уый. Афтæ фæбадт Придон, бон рухс кæнын куы райдыдта, уæдмæ. Уæд æнæзæгъинæгтæ дæр æрбатар сты. Сыздæхт йæ бæхмæ, бынатæн арфæ ракодта æмæ рацыд сæхимæ.

Хъæумæ куы æрхæццæ, уæд кæсы, æмæ адæм зианы фынгыл бадынц. Афарста, ома, цы хабар у, æмæ йын загътой: «Хъæуы рæсугъддæр чызг йæхи æрцауыгъта. Йæхæдæг кæй уарзта, уымæн нæ, фæлæ йæ цыдæр хъæздыг æцæгæлон къуылых лæгæн раттой йæ фыд æмæ йæ мад... Уый тыххæй йæхи амардта». Ахæм æцæг хабар æрцыд мæ дадайы æфсымæр Придоныл.

# Мæгуыр зæхкусджытæ æмæ Уастырджи

Рагзаманты нæ зæронд хъæуы цардысты дыууæ сыхаджы - Уане æмæ Лексо. Тынг хæлар уыдысты, фос дæр иумæ хызтой, сæ хуымтæ дæр иумæ куыстой. Абон дæр ма сæ зæххы гæппæлтæ сты иу ран, хуымтæ та афтæ æмхуызæттæ сты, раст цыма фаззæттæ сты, уыйау. Иу дзы Лексойы хуым хонынц, иннæ та – Уанейы. Уым ма къулрæбынæй дынджыр тулдз бæласы бынæй уазал суадон кæлы, Уанейы суадон æй хонынц.

Иу бон та фæфыдæбон кодтой, уый фæстæ æрбадтысты суадоны раз. Сæ къæбæр куыддæр хызынæй систой, афтæ кæсынц, æмæ иу мæгуыр лæг æрбацæуы. Йæ уæлæ дысджын зæронд бæмбæдджын, афтæмæй. Бадзырдтой йæм: «Фæндаггон дæ æмæ нæ къæбæрæй ацаход». Лæджы бирæ хонын нæ бахъуыд, уайтагъддæр сæ цуры алæууыд, салам сын ратта æмæ æрбадт.

Уане хъæбæрхоры дзул æрсаста æмæ загъта: «Гъе Уастырджи, æххуысгæнæг нын у, нæ цард куыд фæхуыздæр уа, уыцы амонд нын ратт». Уæд сæм мæгуыр лæг дзуры: «Æмæ уæ Уастырджи дæр уырны?» Уане дзуапп ратта: «Табу йæхицæн, уый ныфсæй куы цæрæм, уæд нæ куыд нæ уырны?!» Фæлæ йæм Лексо сдзырдта: «Цæй Хуыцау æмæ цæй Уастырджийы кой кæнут, Хуыцау æмæ Уастырджи куы уаиккой, уæд афтæ мæгуыр уаиккам? Фыр куыстæй нæ хид фæкалæм, фæлæ нæ хор афæдзваг нæ вæййы».

Мæгуыр лæг сыстади æмæ йæ бæмбæдджыны дысæй райста нымæтын ехс æмæ æрцавта Лексойы, уый хæрæг фестад. Уанейæн та дзуры: «Мæнæ дын хæрæг æмæ йыл кус. Йæ бинонтæн та зæгъ, афæдзы балцы кæй ацыд. Æз та уæм иннæ ацафон зындзынæн». Уане цалынмæ хæрæгмæ ракæс-бакæс кодта, уæдмæ мæгуыр лæг цыдæр фæци. Ærцыди хæрæгимæ Уане сæхимæ, сыхаджы бинонтæн загъта, афæдзы балцы кæй ацыд æмæ афæдзы фæстæ кæй зындзæни.

Сыхæгтæ дызæрдыг кодтой, ома йæ маргæ акодта, æмæ йын загътой: «Афæдзмæ куы нæ фæзына, уæд дзуапп ды дæтдзынæ». Уане йæ хæрæгыл куыста куыд йæхицæн, афтæ сыхагæн дæр. Афтæмæй æрхæццæ афæдзы бон дæр. Уане суадоны раз бады йæ хæрæгимæ æмæ йын ныхæстæ кæны, ома, ныр цы фæуыдзынæн, мыййаг, уыцы лæг куы нæ фæзына, уæд. Раст куыд уыд, ууыл та чи баууæнддзæн, зæгъгæ, катай кæны.

Уалынмæ Уастырджи йæ разы йе 'цæг хуызы йæ тæхгæ-нæргæ бæхыл алæууыд. Уане йæ уæрджытыл æрхауд æмæ йæм кувы. Уастырджи нымæтын ехс systa æмæ дзы хæрæджы æрцавта, æмæ, хæрæг цы уыд, уый фестад Лексо. Дзуры йæм: «Цæй, ныр дæр дæ нæ уырны Уастырджи?»

Лексо дæр йæ уæрджытыл æрхауд æмæ йын загъта: «Мæн бауырныдта!» Уастырджи сын арфæ ракодта. Уæдæй фæстæмæ сыл цард фæхæцыд, сæ фос дæр бирæ кæнын райдыдтой, сæ хуымты бæркад дæр бæркадджындæр кæнын райдыдта. Афтæмæй Уане æмæ Лексо æнусмæ адджын сыхæгтæй базæронд сты.

**ДЗЕБЫСАТЫ Георги,**
**Джызæлы цæрæг**

Номарæн

# Цы загъдæуа хъысмæтæн...

Нæ хæрæфырт Фæрниаты-Тыджыты Анжелæ Таймуразы чызг хæрзæрыгонæй ацыд ацы рухс дунейæ. Цыдис ыл æртын фондз азы. Цардис æмæ куыста Заводы поселочы рæвдауæндоны хъомылгæнæгæй. Бирæ рæсугъд фæндтæ æмæ хъуыдытæ уыд йæ зæрдæйы, фæлæ йæм хъысмæт æгъатыр разынд...

21 мартъийы, йæ гуырæн боны, мысдзыстæм ын йæ рухс ном...

Риссынц йæ ацыдыл нæ зæрдæтæ, фæлæ нæ бон цы у?..



***

**Нæ царды рухс уыдтæ ды, нæ цырагъ!**
**Дæс мæйы тухитимæ низимæ фæцардтæ,**
**Фæлæ æвиппайды айхъуысти хабар,**
**Æмбис фæндагыл ацыдтæ ды махæй.**

**Дæ ныййарджытæн нал загътай хæрзбон,**
**Куы нал сын акодтай зæрдиагæй хъæбыс,**
**Æмæ куыд зын у де 'мкъайæн дæ фæстæ**
**Зæххыл æнæ дæуæй, æнæ дæуæй цæрын...**

**Ды ацыдтæ, нæ зæрдæты цæрыс нырма дæр.**
**Алы уысм нæ удты ды вæййыс...**
**Цæссыг рустыл – уалдзæджы æртахау,**
**Нæ нæ уырны, кæй нæ ныууагътай ды...**

**Нæ уарзт дæуимæ баст у, Анжик!**
**Дæ рухс ном баззадис, цæры...**
**Дæ ирд стъалы нæ ахуысдзæни махæн,**
**Æмæ цæрдзæн дæ ном зæххыл...**

**Дæ хоты, æфсымæрты ныууагътай,**
**Ныр дæр ма сæ нæ уырны д' ацыд.**
**Дæ мад та рудзынджы раз слæууы,**
**Йæ цæссыг фемæхсы, фæкæлы...**

**ДЗУКЪАТЫ бинонтæ,**
**Камбилеевкæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**







**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**



**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2787. Заказ № 272. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**